

MALURUH SIKEP MURID KANA BUDAYANA

Kawilang sukses Konferensi Internasional Budaya Sunda I (KIBS I) nu dilaksanakeun di Gedung Merdeka tanggal 22-25 Agustus taun 2001 kamari, da buktina wae sanajan bari jeung kudu mayar, nepi ka poean lumangsungna eta acara oge masih keneh rea masarakat anu rajol ngadon dalaptar jadi pamilon. Ngan hanjakal teu kabeh masarakat nu dalaptar dilayanan, sabab tempat jeung akomodasi nu disayagikeun kawatesanan. Malahan mah aya oge anu ngarasa hanjelu pedah teu kabejaan yen aya eta KIBS dina mangsa harita anu kawilang rongkahna, pangpangna anu di daerah. Eta teh sabenerna mah lain teu dibewarakeun, tapi sigana pamarentah daerah nu aya di sawatara wewengkon Jawa Barat kurang nalingakeun informasi nu ditepikeun ku panata calagara. Padahal mah jauh samemehna panata calagara geus ngabewarakeun ngaliwatan surat kabar kayaning PR, GALA, majalah Mangle, tabloid Galura, RRI, jeung tele-visi, malahan mah meredih ka Gubernur sangkan ngintun radiogram ka unggal wewengkon nu aya di Jawa Barat supaya ngirimkeun wawakilna.

Teu lila ti harita ditema ku Kongres Basa Sunda VII (KBS VII) nu dilaksanakeun tanggal 10-12 November 2001. Aweuhan KBS VII nerekabna ka masarakat teu beda ti acara KIBS I. Kana ieu acara katangen respon ti masarakat meh sarua jeung basa nyanghareupan KIBS I, nya eta loba nu ngarasa hanjakal pedah teu bisa jadi pamilon. Munasabah upama ningali sikep masarakat kana dua kagiatan tadi sakitu apresiatifna teh, lantaran kawilang langka masarakat Sunda pangpangna para nonoman saperti mahasiswa nu keur tolab elmu nu aya patula patalina jeung kasundaan atawa kabudayaan umumna milu ruang-riung dina pasamoan anu medar perkara basa, sastra, katut budaya Sunda dina ambahan anu leuwih lega. Meuni matak reueus karasana basa ku kuring kawenehan kadenge jalma di jalan pasampangan anu nyaritakeun perkara budaya Sunda dina mangsa usum ngalaksanakeun dua kagiatan nu kawilang rongkah nu kasebat tadi teh.

Pon kitu deui nalika aya *talk show* di TVRI Bandung medar perkara budaya Sunda nu dijejeran ku para inohong kayaning R.A.F., Ajip Rosidi, jeung Kepala Disbudpar Memet H. Hamdan dina raraga nyanghareupan KIBS I, sajaba ti ngarasa reueus, rea oge masarakat anu kakara eungeuh yen geuning budaya Sunda oge dipadungdengkeun nepi ka tingkat internasional.

Upama nilik kana gambaran saperti di luhur, utamana reaksi positif masarakat kana eta dua kagiatan, boh KIBS I boh KBS VII anu geus dilaksanakeun sawatara waktu katukang, nandakeun sikep anu hade ti masrakat Sunda kana budayana. Lantaran kitu, naon rupa anu jadi kaputusan tina eta dua kagiatan anu kawilang rongkahna perlu aya janggelekanana kalawan nyata jeung karasa ku masarakat anu kiwari ngarep-ngarep pisan kumaha lajuning lakuna.

Anu perlu dilaksanakeun leuwih ti heula dina mangsa kiwari, sigana mah nya eta ngutamakeun sangkan sikep masarakat Sunda anu hade kana kagiatan anu sipatna seremonial saperti di luhur teh perlu dibageakeun sarta digiring sangkan museur jadi sikep anu hade kana basa Sunda. Sikep anu hade kana basa Sunda saeutik-lobana baris mangaruhan kana sikep hade kana budaya Sunda umumna, lantaran basa Sunda pisan anu jadi gapurana budaya Sunda.

Sikep basa anu hade nya eta sikep basa nu diebrehkeun ku pamake basa boh dwibasawan boh multibasawan sarta baris ngawujud dina wangun kareueus atawa sabalikna moyok, nolak atawa sakaligus narima kana eta basa (Rusyana, 1989:31-2).

Bangga kacida upama urang kudu maluruh sikep, kareueus, atawa raga katineung masarakat Sunda kana basa, sastra, atawa budaya Sunda umumna. Lantaran eta mah nyamuni na masing-masing dirina. Naha cukup kaukur ku reana oplah *Mangle*, *Galura*, *Giwangkara*, *Simpay*, *Kujang* atawa buku-buku pedalan sejenna anu dimuat dina basa Sunda, atawa buku-buku Sunda anu ngajajar di Perpustakaan Dodi Tisnaamidjaya? Bisa jadi eta salah sahiji indikasi, tapi masih kawatesanan keur kelompok masarakat anu tangtu, malah bias jadi masarakatna eta-eta keneh. Raga katineung masarakat Sunda kana budayana bisa oge katiten dina lumangsungna hubungan komunikasi, upamana wae dina obrolan atawa wangkongan. Tapi eta oge can karuhan jalma nu nyaritana teu make basa Sunda teu boga sikep nu hade kana basa Sunda, sabab gumantung kana konteks jeung kaayaan nyarita dina mangsa harita.

Tapi upama urang pirajeunan ngabandungan barudak anu keur arulin di buruan. Umumna kiwari mah eta barudak dina keur nyarita jeung baturna teh geus teu make basa Sunda. Komo deui di daerah komplek parumahan mah, langka kadengen

barudak nu nyarita make basa Sunda. Meureun di lingkungan kulawargana oge teu bina ti kitu. Moal boa geus jarang di lingkungan kulawarga anu ngayun ambing bari jeung dikawihan, mepende nganteur sare budak ku dongeng anu sakitu munelna ku palasipah atikan. Kungsi kawenehan aya hiji kulawarga anu sapopoena teu ngagunakeun basa Sunda, tapi ari kabeneran nyarekan budakna mah ngagunakeun basa Sunda. Ari nu keur ambek tea basa Sundana matak era nu ngadenge. Alus kituna mah, geuning aya sawatara kalangan masarakat anu ngagunakeun basa Sunda diluyukeun jeung situasina. Aya anu ngarasa perlu ku basa Sunda lamun kleur nyanghareupan hajat kawinan, pangpangna dina acara seserahan maksakeun maluruh jalma anu Maher dina narima pipanganteneun lalaki atawa narima pipanganteneun awewe. Keur dialajar ngaji oge, di daerah pakotaan mah utamana di komplek-komplek parumahan anu pangeusina heterogen, barudak diwurukanana teh geus langka nu make basa panganteur basa Sunda. Sok padahal upama dicacah masih keneh leuwih loba masarakat Sunda nganjrek di komplek-komplek parumahan teh.

Upama enya kaayaan masarakat Sunda teh saperti kitu, hartina di lingkungan kulawarga keneh hubungan antara budak jeung budaya Sundana geus pegat. beurat oge pa7ncen urang dina ngamumule, ngaraksa, jeung ngabina budaya Sunda teh, sabab ari budaya mah nerapna teh ku ayana kabiasaan jeung diajar, nya pangheulana pisan mah hadena teh diwanohkeunana di lingkungan kulawarga. Komo deui kiwari, informasi nu katampa ku masarakat geus daratang sorangan kalayan teu ngalaman saringan, saperti ngaliwatan tv, internet, jeung sajabana anu moal boa eta informasi nu katarimana teh aya anu teu luyu jeung ajen-inajen budaya Sunda.

Dina hal ieu urang teu bisa nyalahkeun lingkungan kulawarga jeung sabudeureunana, atawa hal-hal sejen anu ngabalukarkeunana, sabab masarakat ngakses eta rupa-rupa informasi di alam kasajagatan kiwari, miharep mampuh ngarespon jeung ngawasa kamekaran elmu pangaweruh, tehnologi, jeung seni. Tapi naha pikeun ngahontal eta udagan perlu ngecagkeun jati diri kasundaan? Padahal bakal kacida payusna saupama masarakat Sunda bisa ngambah jeung ngigelan alam kasajagatan kalayan angger napak jeung ngariksa kana ajen-inajen kasundaan. Tangtuna oge ieu harepan urang sarerea.

Teu semet lingkungan kulawarga wungkul gening pegatna budak jeung budaya Sunda teh. Dalah di TK ge geus jarang barudak diajak nyarita ku guruna make

basa Sunda. Contona dina ngawanohkeun anggota badan ngagunakeun basa Indonesia, kitu oge basa panganteur nu dipake dina sakalieun guru ngadongeng. Sejen ti eta saperti dina ngawanohkeun kecap, saperti ngaran warna, wangun, jumlah, jeung sajabana, geus puguh deui ari manyanyi mah. Duka teuing sabaraha persen upama dicacah barudak kiwari anu masih keneh wanoh kana basa Sunda.

>

Pangajaran basa Sunda di sakola di sagedengeun miboga tujuan sangkan para siswa mibanda kamampuh ngagunakeun basa Sunda oge dipiharep miboga sikep basa anu hade atawa mikareueus kana eta basa boh salaku basa daerah nu mangrupa identitas kasundaan dina hirup kumbuh sapopoe boh salaku pangajaran, anu nepi ka wanci kiwari masih keneh dianggap muatan lokal. Padahal keur saantero tatar Sunda mah basa Sunda teh jadi basa indungna. Ku ayana otonomi daerah sigana kecap lokal teh kudu diganti ku kecap wajib. Luyu jeung salah sahiji putusan KBS VII di Garut.

Murid SD, SLTP, jeung SMU perlu meunang perhatian leuwih utama dipaluruh ngeunaan sikep dirina kana basa Sunda salaku basa daerahna. Komo deui upama nepi ka tingkat paguron luhur mah bakal kacida hadena. Ieu karep kacida lahitana, tapi satekah polah kudu aya nu bisa ngobet nepi ka mana sikep masarakat Sunda kana basana, sabab sajaba ti jadi estalaseuna budaya Sunda, bahasa oge anu nganteurkeun masarakatna napak dina jati diri kasundaanana.

Ka mana loyogna sikep murid kana basa Sunda dina mangsa kiwari? Naha leuwih loba nu ngagunakeun basa Sunda atawa basa Indonesia dina kgiatan komunikasi sapopoe? Tangtuna ieu oge perlu informasi data sacara statistik.

Malahan mah balukar ku pagaliwotana kaayaan, teu saeutik dina kgiatan komunikasi sapopoe murid nu ngagunakeun dua basa, nya eta basa Sunda nu direumbeuy ku basa Indonesia atawa sabalikna. Hal ieu bisa wae kajadian lantaran ayana tinimbangan sejen saperti kaayaan, jejer nu dicaritakeun, sarta jeung saha nyarita, atawa kawatesanan kosa kecap nu dipimilikna nepi ka hese ngedalkeun naon pikeucapeunana.

Kiwari langka keneh anu pirajeunan nalungtik sabaraha persen di TK anu guruna ngajar ngagunakeun basa panganteurna make basa Sunda. Kitu oge di SD kelas 1 nepi ka kelas 3, Naha dina ngajarna guru make basa panganteurna ku basa

Sunda?, sarta Naha enya basa Sunda nu diajarkeun di SD teh luyu boh materi boh jumlah jam pelajaranana saperti nu disodorkeun dina GBPP? Naha enya ngajarkeun basa Sunda di SD teh upama rek nyinghareupan ulangan ? Nepi ka aya jujuluk basa Sunda mah pangajaran ulangan atawa pangajaran ebta. Lantaran guru SD mah umuna guru kelas, sigana perlu husus widang pangajaran basa Sunda. Sigana hal ieu pisan anu perlu diperhatikeun leuwih ti heula. Lantaran dihenteu-henteu oge awal ahir mah murid-murid sakola anu baris neruskeun tradisi budaya Sunda, atuh beh dituna dina raraga gerakan kasundaan bari jeung teu tinggaleun ancrub ngambah alam kasajagatan (era globalisasi).

Naon wae anu perlu dipilampah sangkan urang meunang gambaran sikep murid kana basa Sunda? Tangtuna oge perlu ngahajakeun ancrub ka lapangan maluruh ku cara ngayakeun panalungtikan. Tah hal ieu pisan sigana mah anu perlu dilaksanakeun teh. Upama ieu teu kagarap ku Dinas Pendidikan, bisa wae dilaksanakeun ku LSM-LSM Kasundaan, atawa ku inohong-inohong anu gede raga katineungna kana budaya Sunda.

Ku cara maluruh sikep murid kana basa Sunda, urang baris mikanyaho sabaraha persen tina sakitu murid nu aya di Jawa Barat miboga sikep nu hade kana basa Sunda, sarta sabahara persen sesana.

Sabada ditalungtik kabuktian yen sikep murid hade kana basa Sunda boh salaku basa daerah boh salaku pangajaran. Tangtuna oge tinggal ngaronjatkeun kualitas pangajaranana, boh nu patalina jeung kualitas guru boh bahan pangajaran jeung saranana. Tapi sabalikna, upama sabada ditalungtik kabuktian sikep murid goreng, tangtuna oge aya hal-hal anu perlu dibebenah deui.

Ngalaksanakeun panalungtikan ieu teh kacida pentingna enggonging nangtukeun padika naon deui anu kudu dibebenah sarta dipilampah ku pihak-pihak anu aya patalina jeung pangajaran basa Sunda dina ngajarkeun basa Sunda sangkan jadi pangajaran anu dipikabutuh ku murid sarta ngarasa perlu saperti perluna kana pangajaran-pangajaran sejenna. Hal lieu teh enas-enasna mah enggonging nanjurkeun budaya Sunda ngaliwatan sungapanana nya eta lembaga atikan, sarta dumasar kana kasadaran yen basa teh cicireng bangsa sarta gapurana budaya, basa Sunda wajib

dimumule, dibina tur dimekarkeun ku masarakat di tatar Sunda,. Copelna ku masarakat nu mibanda sarta mikareueus budaya Sunda.